



Temporary Protected Status (TPS) Information Haitian Creole

Kondisyon Pwoteksyon Tanporè (Temporary Protected Status, oubyen TPS)

Si kounye a ou nan Etazini anba pwoteksyon TPS, epi se nan Massachusetts w ap viv, li posib pou ou ta kalifye pou resevwa oubyen renouvle lisans ou oswa kat didantite w nan Massachusetts.

Pou fè aplikasyon, ale nan yon sant [RMV Service Center](#) avèk dokiman ki pèmèt verifye TPS ou nan sistèm Verifikasyon Sistematik Kalifikasyon Etranje a (Systematic Alien Verification for Entitlements, oubyen SAVE) ki nan Sèvis Imigrasyon ak Nasyonalite Etazini (United States Citizenship Immigration Services, oubyen USCIS). Ou ka wè si ou kalifye, ak gade ki dokiman ou bezwen nan adrès www.USCIS.gov/SAVE/casecheck.

Tanpri konprann sa byen, menm si anpil nan dokiman yo pral kapab sèvi nan verifikasyon an, depi premye fwa ou prezante yo nan RMV a, gen lòt dokiman ki ka bezwen yo gade yo ankò yon dezyèm oubyen yon twazyèm fwa nan USCIS, epi sa kapab pran plizyè semenn oswa plizyè vizit ankò nan Sant Sèvis la (Service Center) pou yo fin apwouve yo. Si pwosedi sa a pran plis pase 60 jou, ou pral bezwen fè yon lòt aplikasyon ankò.

RMV ankouraje kliyan TPS yo, pou yo vini nan RMV pou kòmanse pwosedi aplikasyon an omwen 20 jou anvan dat limit lisans oswa kat didantite yo genyen kounye a, pou yo sèten pral genyen ase tan pou fini pwosedi a, si dokiman yo ta mande pote plis resous, oubyen plis revizyon, epi yo pa ta kapab fin travay sou yo nan Sant Sèvis la.

Si yo pa kapab fin travay sou dosye ou nan premye vizit ou fè a, ou pral resevwa yon Lèt sou Kote Aplikasyon an Rive (Application Status Letter) ki soti nan RMV, pou ba ou enfòmasyon enpòtan sou jan pou ou verifye kote yo rive nan dosye SAVE ou nan USCIS. Li enpòtan pou ou pote Application Status Letter la, chak fwa ou ale nan RMV apre sa.